



GID RESOUS KOMINOTÈ



2023

ÈD JENERAL

TAB MATYÈ

Èd Jeneral	3
Asistans Manje	4
Èd Sèvis Piblik	5
Asistans pou Lojman	6
Asistans Familyal	7
Resous Sante Mantal	8
Resous pou abi dwòg/alkòl	9
Resous Medikal	10
Resous Legal (Jiridik)	11
Resous sou Anplwa	12
Resous Transpò	13

211



Rele **NJ 211** toulèjou, nenepòt lè pou jwenn referans pa rapò ak sèvis sante ak sèvis sosyal toupre lakay ou. Sèvis la gratis, konfidansyèl epi l disponib an plizyè lang. Ou kapab chèche nan bazdone NJ 211 lan tou nan nj211.org.

NJ.GOV



Eta New Jersey an ofri diferan resous, tankou sèvis lojman, sante ak jiridik, nan seksyon Community and Wellness [Kominote ak Byennèt] sou sit entènèt li a. Pou w jwenn yon lis ki konplè, ale sou: nj.gov/nj/community/assistance

NJHELPS.GOV



Ale sou NJHELPS.gov pou wè si ou kalifye pou èd manje (SNAP), èd lajan kach (WFNJ/TANF oswa WFNJ/GA), ak Asirans Sante (NJ FamilyCare/Medicaid). La, ou kapab aplike pou sèvis yo oswa aprann konsènan resous adisyonèl yo.

ESSEX RESOURCENET



Essex ResourceNet ofri yon gran varyete enfòmasyon sou sipò, resous, ak sèvis pou fanmi nan konte Essex la, nan New Jersey. www.essexresourcenet.org

ÈD MANJE

SNAP



Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè New Jersey a oswa NJ SNAP ofri fanmi ki kalifye yo yon kat avantaj ki ede yo achte manje nan majorite magazen manje an detay yo epi nan kèk mache fèmeye tou. Kalifikasyon an baze sou plizyè faktè tankou revni ak lòt resous. Ale sou njsnap.gov pou w jwenn plis enfòmasyon epi pou w aplike.

COMMUNITY FOODBANK OF NJ



CFBNJ ap goumen kont sitiyasyon grangou ak povrete nan NJ pandna l ap ede sa ki bezwen èd yo epi nan chèche solisyon alontèm. Pou lokalize kantin, kizin soup, ak apbri ki an patenarya ak CFBNJ ki toupree kote w rete a, ale sou cfbnj.org/findfood oswa voye FindFood nan yon tèks mesaj bay 908-224-7776.

KANTIN LOKAL YO



- **Kantin Our Lady of Sorrows:**
973-370-0458 oswa olspantry@gmail.com
- **Kantin St. Joseph's:** 973-462-1595 oswa dgposwego1983@hotmail.com
- **Kantin Reveal 2 Heal:**
856-259-3924
- **Kantin Oheb Shalom:**
973-762-7067 oswa info@ohebshalom.org
- **Kantin Elks Lodge**
220 Prospect Street, South Orange
- **Maplewood Community Fridge:**
Springfield Avenue nan Indiana Street

ÈD SÈVIS PIBLIK

NJ SHARES



NJ Shares se yon òganizasyon san pwofi ki ede fwaye nan New Jersey ki kalifye gras ak revni yo peye fakti kouran, telefòn, entènèt ak dlo yo. Aplike anliy sou www.njshares.org oubyen rele nan 1-866-657-4273 pou jwenn plis enfòmasyon.

USF/LIHEAP



Universal Service Fund (USF)) oswa Fon Sèvis Inivèsèl se yon pwogramki ofri kredi chak mwa sou fakti kouran ak gaz natirèl nan rezidans, ansanm ak opsyon pou efase dèt sou balans ki poko peye yo.

Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP) se yon pwogram gouvènman federal la finanse pou ede fwaye ki pa gen anpil revni rive nan sa ki gen revni modere yo peye depans chofaj yo. Y ap aksepte aplikasyon yo sòti nan dat 1ye oktòb rive 30 jen chak ane.

Aplike pou USF ak LIHEAP Sou entènèt nan www.nj.gov/dca/dcaid oswa lè w rele nan 1-800-510-3102.

WINTER TERMINATION PROGRAM



Winter Termination Program (WTP) pwoteje kliyan nan rezidans ki elijib yo kont sitiyasyon kote yo ka dekonekte sèvis dlo, gaz natirèl ak kouran apati 15 novanm rive 15 mas. Rele 1-800-624-0241 pou jwenn plis detay.

ASISTANS POU LOJMAN

NJDCA



Pwogram asistans lokasyon NJDCA a ap pèmèt fanmi ki nan difikilte finansye yo rete nan kay yo epi evite pou yo mete yo deyò. Genyen twa pwogram fanmi yo ka vin kalifye pou yo. Rele **609-490-4550** oswa ale sou njdca.onlinepha.com.

NJ HOUSING RESOURCE CENTER



Pwogram Resous pou Lojman Eta NJ a se yon rejis GRATIS, moun ka itilize pou chèche sou entènèt, ki genyen ladan l opsyon pou jwenn inite lojman ki a bon pri epi ki aksesib nan tout eta a. Chèche nan nj.gov/njhrc oswa rele nan **1-877-428-8844**.

AFFORDABLE HOMES NJ



www.affordablehomesnewjersey.com se yon Ajan Administratif pou Lojman ki gen apwobasyon Depatman Afè Kominotè nan New Jersey a. Pèsonèl nou an angaje l nan ede fwaye ki gen revni ki ba ak revni modere yo jwenn lojman a bon pri.

NJ HOUSING & MORTGAGE FINANCE AGENCY



Ajans Finansye pou Lojman ak Ipotèk New Jersey a (NJHMFA) investi nan finans, epi li fasilite aksè ak lojman pou anfèm ki a bon pri ansanm ak opòtinite pou vin pwopriyete pou fanmi ki gen revni ba ak revni modere yo, granmoun ki aje yo, ak moun ki gen bezwen lojman espesyalize yo, tankou Asistans Annijans pou Sekou nan kad Ipotèk la. Ale sou www.state.nj.us/dca/hmfa, voye yon imèl bay askstaff@njhmfa.gov oswa rele **609-278-7400**.

ASISTANS FAMILYAL

WIC




WIC Pwogram Nitrisyon Siplemanè New Jersey pou Fanm, Tibebe ak Timoun yo se yon pwogram nitrisyon sante piblik ki ofri manje ki sen, edikasyon sou nitrisyon ak sipò kominotè pou fanm ki elijib sou baz revni yo ki ansent epi sa ki fenk akouche yo, epi tou pou tibebe ak timoun ki gen pou pi plis senk (5) lane yo. Ale sou nj.gov/health/fhs/wic pou w jwenn plis enfòmasyon.

NJ PARENT LINK



Sit entènèt NJ Parent Link la ki se nj.gov/njparentlink genyen ladan li yon gran varyete enfòmasyon ak sijè tankou sante ak byennèt, edikasyon parantal, aprantisaj annavans, devlopman mantal, sante mantal ak konpòtmantal, tranzisyon karyè ak fanmi, gadri pou timoun ak edikasyon, ak resous New Jersey yo.

DIVISION OF FAMILY ASSISTANCE & BENEFITS



Divizyon Asistans ak Avantaj pou Fanmi nan Konte Essex (DFAB) ofri fanmi ak moun ki kalifye yo asistans tanporè nan finans, swen medikal ak lojman gras ak yon rezo sèvis sipò. Rele liy asistans la nan **973-395-8000**.

MENTAL HEALTH RESOURCES

988



988 se kòd a 3 chif yo itilize nan tout peyi a pou Asistans nan Kriz Sante Mantal ak Prevansyon Ka Suisid. Gen swen ak sipò konfidansyèl epi gratis ki disponib 24 sou 24 epi 7 jou sou 7 pou nenpòt moun ki nan sitiyaasyon detrès ki gen pou wè ak sante matal, panse suisid, oswa yon kriz abi sibstans toksik. Moun kapab fè **988** si yo enkyete yo pou yon moun pwòch yo ki ka bezwen sipò nan kad kriz.

NJ MENTALHEALTHCARES HELP LINE



Liy Asistans NJ MentalHealthCares ofri sèvis konsiltasyon nan telefòn, enfòmasyon ak oryantasyon pou ede w oswa yon moun pwòch jwenn sèvis sante konpòtmantal ki nesèsè yo. Pou asistans oswa enfòmasyon konfidansyèl rele nan **866-202-4357**.

2ND FLOOR



2nd Floor se yon liy asistans konfidansyèl epi anonim pou jèn yo ak jèn adilt nan New Jersey. 2nd Floor ede w jwenn solisyon pou pwoblèm ou rankontre epi li disponib 24/7 365 jou nan yon ane. Si w anvi pale konsènan yon pwoblèm oswa yon sitiyaasyon ou ladan l ki pa bon, rele oswa voye yon mesaj bay **(888) 222-2228**.

RESOUS POU ABI DWÒG/ALKÒL

IME ADDICTIONS ACCESS CENTER



Liy Dirèk Sant Aksè pou Moun a Depandans **UBHC IME a nan Divizyon Sante Mantal ak Sèvis Lit kont Depandans New Jersey** a ofri sèvis telefòn sipèvize kote espesyalis ki fòmè nan kad klinik disponib 24 èdtan pa jou 7 jou nan semèn lan pou edike, asiste epi oryante moun ak fanmi ki ka nan sitiyaasyon depandans. Apèl yo gratis ak konfidansyèl. **1-844-276-2777**.

REACHNJ



ReachNJ se yon liy dirèk pou oryantasyon nan kad depandans ak tretman ki disponib pou moun k ap rele yo 24 sou 24 epi 7 jou sou 7 epi ki gen konseye nan kad lit kont abi sibstans ki abitye ak kominote tretman adiksyon (depandans) nan New Jersey. **1-844-732-2465**.

NJ CONNECT



NJ Connect for Recovery se yon liy apèl gratis epi konfidansyèl ki konsantre sou asiste fanmi ak zanmi ki ap adapte yo ak twoub abi sibstans toksik yon moun pwòch yo. Antanpe yon sèvis nan Asosyasyon Sante Mantal New Jersey a, NJ Connect for Recovery ofri yon espas ki pa baze sou jijman pou moun ak manm fanmi yo ka jwenn sèvis konsiltasyon, ak asistans nan men manm pèsònèl ki pwofesyonèl sou pwoblèm abi sibstans toksik. **855-652-3737**.

RESOUS MEDIKAL

FEDERALLY QUALIFIED HEALTH CENTERS



Federally Qualified Health Centers ofri swen prevansyon ak primè konpreyansif, tankou vaksen, swen bouch, swen sante mantal ak sèvis lit kont abi sibstans toksik, pou moun tout laj kèlkeswa estati asirans sante yo oswa kapasite yo gen pou yo peye. Pou lokalize yon FQHC toupre kote w rete a rele Liy Asistans Sante Familyal New Jersey a nan **1-800-328-3838** oswa ale sou: www.nj.gov/health/fhs/primarycare/fqhc.

GET COVERED NJ



Get Covered New Jersey se Mache Ofisyèl pou Asirans Sante New Jersey a. Rezidan NJ yo ka jwenn kouvèti asirans epi benefisye èd finansye. www.nj.gov/getcoverednj

NJ FAMILY CARE



NJ FamilyCare se yon pwogram asirans sante ki gen gouvènman federal ak gouvènman eta a ki finanse l yo te kreye pou ede rezidan NJ ki kalifye yo jwenn aksè ak asirans sante ki a bon pri pou yo. Rele **1-800-701-0710** oswa ale sou njfamilycare.dhs.state.nj.us.

NJ CITIZEN ACTION



Fon pou Edikasyon New Jersey Citizen Action lan ofri sèvis endividyèl ann Anglè oswa Panyòl pou ese rezidan NJ yo konprann epi aplike pou asirans sante ki abon pri. Ale sou njcitizenaction.org pou jwenn plis detay.

RESOUS LEGAL (JIRIDIK)

ESSEX-NEWARK LEGAL SERVICES



Sèvis Jiridik Essex-Newark yo se yon òganizasyon san pwofi ki ofri asistans jiridik gratis nan dosye sivil, tankou pwoblèm ant mèt kay ak lokatè, pou rezidan ki gen revin ki ba anpil anndan Konte Essex la nan New Jersey. Rele nan **973-624-4500** oswa voye imèl bay enls@lsnj.org.

LAW SERVICES OF NJ



Law Services of NJ ofri konsèy, enfòmasyon ak oryantasyon nan dosye jiridik sivil pou rezidan ki gen revni ki ba yo. Aplike sou entènèt sou lsnj.org oswa rele nan **1-888-LSNJ-LAW**.

VOLUNTEER LAWYERS FOR JUSTICE



Volunteer Lawyers for Justice ofri sèvis reprezantasyon jiridik pou rezidan Konte Essex yo pou ka tankou fayit, divòs, pwoblèm sipò timoun, pwoblèm nan kad lwa pou konsomatè, eliminasyon kazye jidisyè, pwoblèm lisans pou kondi, dosye edikasyon, pwoblèm siksesyon (testaman) ak plis toujou. Kontakte yo sou www.vljnj.org oswa nan **973-645-1955**.

COMMUNITY HEALTH LAW PROJECT



Community Health Law Project (CHLP) se yon òganizasyon san pwofi ki ofri reprezantasyon jiridik ak sèvis defans pou moun a revni ki ba ki andikape ak granmoun aje kifrajil yo. Ale sou chlporg.org oswa rele nan **973-275-1175**.

RESOUS SOU ANPLWA

NJ CAREER NETWORK



The **New Jersey Career Network** se yon resous gratis pou ede rezidan yo jwenn bon jan travay. Zouti entèyaktif sa, yo kreye l pou ede w jwenn travay ou vle a njcareers.org

WORKFIRST NJ



WorkFirst NJ panche l sou travay antanke premye etap pou konstwi yon nouvo vi ak yon avni ki pi klè. Objektif nou se ede moun sòti kò yo nan asistans, jwenn bon jan anplwa ki dirab epi vin otonòm, gras ak fòmasyon pwofesyonèl, edikasyon ak aktivite travay. **1-800-792-9773.**

NJ CAREER SERVICES



Depatman Travay ak Devlopman Mendèv New Jersey a gen yon lis resous pwolonje pou moun k ap chèche travay ki gen tout laj ak akpasite yo epi tou pou moun ki ap chèche mete plis sou kapasite yo. nj.gov/labor/career-services


NJ STATE LIBRARY



Sant Rechèch sou Karyè ak Anplwa Bibliyotèk Eta New Jersey a ofri resous ak enfòmasyon sou anplwa, chwa karyè, redaksyon CV, ak kapasite pou pase entèvyou. libguides.njstatelib.org/business/careers

RESOUS TRANSPÒ

ESSEX COUNTY SPECIAL TRANSPORTATION



Sistèm Transpò Espesyal Konte Essex la ofri sitwayen ki aje yo ansanm ak rezidan ki andikape yo transpò sekirize pou ale epi rantr nan moman randevou medikal yo. Rele nan **973-737-7200** pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pwograme yon depasman 48 èdtan alavans.

RIDE UNITED



Ride United se yon patenarya ant 211 ak United Way Worldwide. Rezidan NJ ki gen pou pi piti 18 lane ka pwograme depasman pou Sèvis Medikal, Anplwa, Manje, Edikasyon, Jiridik, Lojman, ak Finansye nenpòt kote Lyft disponib. Fè **211** pou pwograme yon depasman.

ON TIME AMBULANCE



On Time Ambulance ofri transpò pou pasyan ki sou sivyè, chèz woulant ak aparèy pou mache. Plizyè pwogram asirans tankou Medicaid ak Medicare ap kouvri sèvis yo. Rele nan **908-298-9500** oswa ale sou www.ontimetransport.com.

NT TRANSIT ACCESS LINK



Access Link se yon sistèm *deplasman pataje* pou moun ki gen andikap ki pa kapab itilize bis la. Li disponib pandan menm jou ak lè sèvis bis regilye a www.njtransit.com/accessibility/access-link-ada-paratransit

Pou enskri pou Alèt Maplewood ak South Orange Nixle:
Voye kòd postal ou nan yon mesaj tèks bay 888777

Eskane kòd QR ki pi ba a pou enskri nan
Bilten Enfòmasyon Resous Kominotè Maplewood Health la:



Maplewood Health Department

574 Valley Street

Maplewood, NJ 07040

(973) 762-8120

HealthDepartment@maplewoodnj.gov

www.maplewoodnj.gov/government/

[public-health-social-services](http://www.maplewoodnj.gov/government/public-health-social-services)